


IYI NDIYO  
**YEGA NZIRA  
YEUPENYU**



# 1. Ishe Jesu Christu ndivo Musiki wazvose uye ndivo Ishe

Pakutanga pakanga pane Shoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvinhu zvose zvakaitwa kubudikidza naye; kunze kwake hakuna kana chinhu chakaitwa pane izvo zvakaitwa.

– Johani 1:1, 3

Kristu akabva kwavari panyama, ari Mwari pamusoro pazvose, anokudzwa nokusingaperi! Ameni.

– VaRoma 9:5b

Nokuti zvinhu zvose zvakasikwa naye: zviru kudenga nezviru panyika, zvinoonekwa nezvisingaonekwi, zvigaro zvoushe kana masimba kana vatongi kana vane simba; zvinhu zvose zvakasikwa naye uye zvakasikirwa iye.

– VaKorose 1:16



## 2. Chivi Chinounza Rufu

Naizvozvo, chivi sezvachakapinda munyika nomunhu mumwe, norufu rukapinda nechivi, uye nenzira iyi rufu rwakauya kuvanhu vose, nokuti vose vakatadza.

– VaRoma 5:12

Nokuti vose vakatadza  
uye vakasavika  
pakubwinya kwaMwari.

– VaRoma 3:23

Nokuti mubayiro wechivi  
ndirwo rufu, asi chipo  
chaMwari chokungopiwa  
ndihwo upenyu husingaperi  
muna Kristu Jesu Ishe wedu.

– VaRoma 6:23

Ipapo kuchiva kukange kwaumbwa  
kunobereka chivi; uye chivi, chikange chakura  
kwazvo, chinobereka rufu.

– Jakobho 1:15

### 3. Jesu Christu ndiye mwanakomana WA Mwari

Shoko rakava nyama uye  
rakagara pakati pedu.


– Johani 1:14a

“Haana kutadza, uye  
kunyengera hakuna kuwanikwa  
mumuro mo make.”

– 1 Petro 2:22

“Achava nomwana  
mukomana  
wauchazotumidza zita  
ro kuti Jesu nokuti ndiye  
achaponesa vanhu vake  
kubva muzvivi zvavo.”  
Izvi zvose zvakaitika  
kuti zvizadzise zvakanga  
zvataurwa nalshe  
kubudikidza nomuprofitu  
wake zvokuti: “Mhandara  
ichava napamuviri, igozvara  
mwana mukomana, uye  
vachamutumidza zita ro kuti  
Emanueri, zvichireva kuti,  
‘Mwari anesu.’ ”

– Mateo 1:21-23



## 4. Jesu akapa hupenyu hwake kuti atidzikinure ne kutiponesa

Sezvo vana vane ropa nenyama, naiyewo akagovana navo pakuva nyama kwavo, kuitira kuti rufu rwake ruparadze iye ane simba rorufu, iye dhiabhori uye agosunungura vaya vakanga vakasungwa muuranda upenyu hwavo hwose nokutya kwavo rufu.


– VaHebheru 2:14-15

Nokuti akatinunura kubva pasimba rerima akatiuyisa kuumambo hwoMwanakomana waanoda, watine dzikinuro maari, iko kuregererwa kwezvivi.

– VaKorose 1:13-14

“Tarirai, Gwayana raMwari, rinobvisa chivi chenyika!”

– Johani 1:29b

The background of the text is a photograph of three wooden crosses on a grassy hill. The crosses are arranged in a line from left to right, with the central one being the tallest. The sky is overcast and grey. The figures on the crosses are dark and appear to be Jesus and two other men.

Asi Mwari anoratidza rudo rwake kwatiri pakuti: Tichiri vatadzi, Kristu akatifira. Zvino sezvo takaruramisirwa neropa rake, tichaponeswa zvikuru sei naye kubva pakutsamwa kwaMwari!

– VaRoma 5:8-9


## 5. Jesu Christu akakunda rufu

Mutumwa akati kuvakadzi  
vaya, “Musatya nokuti  
ndinoziva kuti muri kutsvaka

Jesu uyo akarovererwa  
pamuchinjikwa. Haapo pano;  
amuka sokutaura  
kwaakaita. Uyai  
muone panzvimbo  
paakanga avete.”  
– Mateo 28:5-6

“Ndini iye Mupenyu;  
ndakanga ndafa, uye  
tarira, ndiri mupenyu  
nokusingaperi-peri! Uye  
ndakabata kiyi dzorufu  
neHadhesi.”

– Zvakazarurwa 1:18




“Ndini kumuka noupenyu.  
Uyo anotenda kwandiri  
achararama, kunyange dai akafa.”

– Johani 11:25b

Nokuti sezvo tichiziva kuti Kristu  
akamutswa kubva kuvakafa, haachazofizve;  
rufu harusisina simba pamusoro pake.

– VaRoma 6:9

## 6. Jesu Christu ndiye nzira yoga yokuti munhu awane hupenyu husingapere



Kuti kana ukapupura nomuromo wako kuti, “Jesu ndiye Ishe” uye ukatenda mumwoyo mako kuti Mwari akamumutsa kubva kuvakafa, uchaponeswa.  
– VaRoma 10:9

Jesu akapindura akati, “Ndini nzira nechokwadi uye noupenyu. Hakuna munhu angauya kuna Baba kana asina kupfuura napandiri.”  
– Johani 14:6

Kana tichireurura zvivi zvedu, iye akatendeka uye akarurama, uye achatikanganwira zvivi zvedu agotinatsa pakusarurama kwose.  
– 1 Johani 1:9


Naizvozvo anogona kuponesa zvizere vaya vanouya kuna Mwari kubudikidza naye, nokuti anorarama nokusingaperi achivanyengerera.  
– VaHebheru 7:25

**Nokuti Mwari akada nyika nokudaro, kuti akapa  
Mwanakomana wake mumwe oga, kuti ani naani anotenda  
kwaari arege kufa asi ave noupenyu husingaperi.**

**– Johani 3:16**

**Asi kana tichifamba muchiedza, saiye  
ari muchiedza, tinowadzana nomumwe  
nomumwe wedu, uye ropa raJesu,  
Mwanakomana wake, rinotinatsa  
pazvivi zvose.**

**– 1 Johani 1:7**



**Nokuti makaponeswa nenyasha, kubudikidza nokutenda,  
uye izvi hazvibvi kwamuri, chipo chaMwari, kwete  
namabasa, kuti parege kuva nomunhu anozvikudza.**

**– VaEfeso 2:8-9**

Scripture text reprinted from the Bible in Shona by permission of United Bible Societies  
Africa Regional Centre, Nairobi, Kenya.

"The Path to Life" Copyright © 2023 by World Missionary Press, Inc.